



Fè Depistaj:

**Chèche konnen si ou gen kansè
nan gwo trip lepli bonè posib**



Lè ou fè depistaj regilyèman ak suivi rapid, sa ka anpeche kansè nan gwo trip la oswa pèmèt detekte li bonè.

Kansè nan gwo trip la (oswa kansè kolorektal) rive nan gwo trip la (kolon an)



oswa nan dènye bout gwo trip la, epi li se kòz prensipal lanmò poutèt kansè pou moun New York yo.

Bondye fè, lè ou fè depistaj regilyèman sa ka ede anpeche li oswa jwenn li bonè, lè tretman an souvan pi byen mache. Anpil moun ta dwe kòmanse tès depistaj a laj 45 an. Moun ki gen pi gwo risk yo gen dwa bezwen kòmanse pi bonè.

Gen plizyè metòd pou fè depistaj kansè nan gwo trip. Kolonoskopi yo pèmèt pwofesyonèl medikal yo detekte epi wete polip yo (chè yo) nan gwo trip la oswa nan dènye bout gwo trip la pou ede anpeche kansè. Gen lòt metòd (paregzanp, tès matyè fekal) ki egzije yon kolonoskopi kòm suivi pou moun ki gen depistaj pozitif.



Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou de opsyon ou genyen yo pou depistaj.

Pa blyie mande:

- Kilè pou mwen kòmanse fè depistaj kansè nan gwo trip?
- Èske mwen gen risk si yon moun nan fanmi mwen te gen kansè nan gwo trip oswa polip? Èske mwen dwe fè depistaj kansè nan gwo trip pi bonè pase lòt moun?
- Èske kolonoskopi a se sèl opsyon depistaj ki genyen?
- Kijan pou mwen fè konnen ki opsyon depistaj ki bon pou mwen?
- Èske ou gen dokiman edikatif, tankou bwochi oswa feyè, nan lang mwen?
- Èske asirans mwen kouvri depistaj kansè nan gwo trip?




Sonje fè suivi!

Apre depistaj ou a, mande pwofesyonèl swen sante ou kilè pou w fè depistaj pou kansè nan gwo trip la ankò.



Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou de faktè risk ou yo.

Ou gen dwa bezwen
kòmanse fè depistaj
bonè si ou gen:



- Moun nan fanmi ou ki te gen kansè nan gwo trip oswa polip ki gen dwa vin kansè
- Sèten pwoblèm sante ereditè, tankou polipoz rektokolik familyal (familial adenomatous polyposis, FAP) oswa kansè kolorektal ereditè san polipoz (hereditary nonpolyposis colorectal cancer, HNPCC), ki rele tou sendwòm Lynch
- Anflamasyon avèk ilsè nan gwo trip oswa maladi Crohn

Ou gen dwa gen pi gwo risk tou si ou gen:

- Obezite
 - Abitid fimen
-



Lòt fason pou redui risk ou:

- Kenbe yon pwa ki bon pou lasante epi mete aktivite nan kò ou.
- Manje mwens vyann transfòme (tankou bekonn, òtdòg oswa vyann pou sandwich).
- Si ou fimen, planifye kite. Pou jwenn èd pou kite, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/nycquits.
- Si ou bwè, sa gen dwa ogmante risk ou pou fè kansè nan gwo trip. Redui kantite ak konbyen fwa ou bwè. Ale sou nyc.gov/health epi chèche "**“alcohol and health” (alkòl ak lasante)**" pou jwenn plis enfòmasyon ak resous.





Etap yo pou Fè Depistaj Kansè nan Gwo Trip

Etap En



Jwenn Asirans

Si ou pa gen asirans, ou gen dwa kalifye pou enskri pou asirans gratis oswa bon mache. Rele 347-665-0214 oswa voye tèks **COVEREDNYC** nan 55676 pou resevwa èd gratis pou enskri. Pou jwenn plis enfòmasyon sou depistaj gratis oswa bon mache, ale sou nyc.gov/health/coloncancer epi gade "Payment" (Peman) anba seksyon "Screening" (Depistaj) la.

Si ou pa ka jwenn asirans, oswa si asirans ou a pa kouvrir depistaj, ou gen lòt opsyon. Rele **311** oswa 844-692-4692 pou antre an kontak avèk yon lokal **NYC Health + Hospitals**. Ou ka kontakte **New York State Cancer Services Program** (Pwogram Sèvis Kont Kansè Eta New York la), ki ofri depistaj kansè nan gwo trip pou moun New York ki pa gen asirans epi ki gen ant 45 ak 75 an.

Etap De



Pale avèk Pwofesyonèl Swen Sante Ou

Poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon sou:

- Risk pèsònèl pa ou pou fè kansè nan gwo trip
- Ki opsyon ou genyen pou fè depistaj, sa gen ladan l pwosesis la, avantaj yo ak risk yo pou chak opsyon

Etap Twa



Fè Depistaj ak Suivi

Lè ou fè depistaj regilyèman ak suivi rapid, sa ka anpeche kansè nan gwo trip la oswa pèmèt detekte li bonè. Pa blyie mande pwofesyonèl swen sante ou kilè pou w fè depistaj ankò.

* Pifò plan asirans, tankou Medicaid ak Medicare, kouvrir tèks depistaj kansè nan gwo trip. Sepandan, kouvèti a ka varye. Mande pwofesyonèl swen sante w ak konpayi asirans ou ki sèvis ki kouvrir anvan ou fè tèks depistaj ou a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou
nyc.gov/health/coloncancer.

